



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 26 fevriye 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LANSMAN APWOBASYON KOMISYON KONSÈY START-UP NY

Komite a pral revize ak apwouve inivèsite prive

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse lansman apwobasyon konsèy START-UP NY avèk nominasyon Edward M. Cupoli, Abraham M. Lackman ak Andrew Kennedy. Konsèy Apwobasyon, sa ki pral egzamine ak apwouve plan pou zòn ki san taks yo te soumèt pa inivèsite ak kolèj prive, bati sou pwogrè ki te fèt nan enplemantasyon lansman inisyativ sa a ki te kreye pa Gouvènè Cuomo pou relanse ekonomi an nan atire biznis, elabore nouvo sektè investisman prive ak jenere djòb.

“Pandan n ap kontinye kreye nouvo djòb ak devlope opòtinite ekonomik toupatou nan New York, mwen kontan anpil pou m anonse nominasyon Apwobasyon komisyon Konsèy START-UP NY,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Ekspètiz kolektif Komisyon an nan domèn devlopman ekonomik, edikasyon avanse ak gouvènman pral esansyèl pou entwodui yon nouvo inisyativ devlopman ekonomik toupatou nan eta nou an.”

Aprè yon egzaminasyon inisyal pa Devlopman Empire State, Apwobasyon komisyon Konsèy la pral responsab pou evalyasyon ak apwobasyon inivèsite prive ak planifikasyon kolèj jan li deziyen kòm zòn san taks anba pwogram START-UP NY Apwobasyon komisyon Konsèy lan pral egalman deziyen 20 Pwopriyete Estratejik Leta kòm zòn egzansyon taks. Kolèj ak inivèsite yo ki ta swete soumèt plan START-UP NY pou konsiderasyon pa Komite a ka voye plan konple yo nan Designations@esd.ny.gov oswa vizite www.startup-ny.com pou aprann plis sou pwogram lan.

Apwobasyon komisyon Konsèy lan ki gen wòl pou revize prensipalman ak apwouve plan pou zòn san taks ki soumèt pa inivèsite ak kolèj prive yo, bati sou pwogrè ki te fèt nan enplemantasyon lansman inisyativ sa a ki te kreye pa Gouvènè Cuomo pou relanse ekonomi an nan atire biznis, elabore nouvo sektè investisman prive ak jenere djòb.

Nome nan Apwobasyon komisyon Konsèy lan pa Asanble Eta New York, Edward M. Cupoli se Pwofesè Emerite nan Inivèsite Albany ak Administratè Emerite nan Inivèsite Cornell. Mesye. Cupoli gen plis pase 40 ane ekspètiz nan fòmasyon inivèsite-endistri-patenarya gouvènman nan bi teknoloji avanse ak

Haitian Creole

devlope ekonomi konpetitif. Pi resamman, Mesye. Cupoli te sèvi kòm Chèf Ekonomis nan SEMATECH e sèvi kòm Pwofesè NanoEkonomik ak Chèf Konstelasyon Nano Ekonomiks nan Kolèj Nanoscale Syans ak Jeni (CNSE)nan Inivèsite Albany. Anvan li te vini nan CNSE, Mesye. Cupoli te okipe pozisyon Ekonomis anchèf ak Direktè Rechèch pou Fason ak Mwayen pou Asanble Eta New York. Mesye. Cupoli genyen yon degre nivo doktora ak yon metriz nan ekonomi nan Maxwell Lekòl Citizenship ak Afè Piblik nan Inivèsite Syracuse ak yon bakaloreya nan Kolèy Le Moyne. Li se yon manm nan Konsèy Komite Konsiltatif Ekonomik sou Konpetitivite, Konseye Ekonomik Asanble Eta New York, Komisyon Plan Konpansasyon Difere Eta New York ak Komisyon Konsèy Global Adirondack.

Mesye. Cupoli te deklare, “Mwen enpasyon pou m aplike 40 ane eksperyans ekonomik, gouvènman, inivèsite ak biznis pou ogmante kwasans dirabilite ak vitalite eta nou an; Mwen remèsye Prezidan Silver pou konfyans li nan kapasite m ak angajman pou sèvi piblik la.”

Abraham M. Lackman, Ajan Prensipal pou Afè Sivik nan Fondasyon Simons, te nome pa Sena Eta New York. Mesye. Lackman gen yon vas eksperyans nan gouvènman, devlopman ekonomik ak edikasyon avanse. Nan wòl aktyèl li a, li te favorize fondasyon relasyon estratejik avèk gouvènman yo, òganizasyon a bi non likratif ak lòt patnè yo. Anplis de wòl li nan Fondasyon Simons, Mesye. Lackman egalman sèvi kòm chèchè nan rezidans lekòl etid siperyè nan Inivèsite Fordham. Anvan li te vini nan Fondasyon Simons, Mesye. Lackman te fonde ak dirije edikasyon siperyè ak antrepriz konsiltasyon gouvènman, Praxis Insights. Anplis, li te sèvi kòm sizyèm prezidan nan Komisyon sou Kolèj ak Inivèsite Endepandan yo soti nan ane 2002 a 2009; sekretè nan Komite Finans Sena Eta New York; ak Direktè Bidjè pou Vil New York. Mesye. Lackman te resevwa bakaloreya nan syans nan Inivèsite New York ak yon metriz nan ekonomi nan Inivèsite Eta New York-Albany. Li te sèvi nan plizyè konsèy administrasyon ak komite nasyonal, eta ak kominotè sa ki gen ladan Asosyasyon Nasyonal Kolèj ak Inivèsite Endepandan Egzekitif Eta (NAICUSE), Komisyon Eta New York sou Edikasyon Siperyè, Komite Konsiltatif Administrasyon Piblik ak Komisyon Espesyal sou Avni Tribinal Eta New York yo.

Mesye, Lackman te deklare, “Mwen kontan anpil paske mwen se yon manm nan Apwobasyon komisyon Konsèy START-UP NY e map rete tann pou m travay avèk Gouvènè a, lejislasyon an, ak inivèsite ak kolèj prive, non-pwofi eta pou fè pwogram START-UP NY la yon vibran siksè.”

Nome pa Apwobasyon komisyon Konsèy START-UP NY pa Gouvènè Cuomo, Andrew Kennedy aktyèlman ap travay kòm asistan sekretè Gouvènè a pou Devlopman Ekonomik. Nan pozisyon sa a, Mesye. Kennedy kowòdone devlopman ak jesyon devlopman ekonomik Eta ak efò lojman, ansanm avèk travay kòm lyezon nan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal. Anvan nominasyon l, Andrew te travay pandan yon deseni nan Divizyon Bidjè Eta New York ak pou Asanble Eta New York kote li te devlope yon plan konpreyansyon detaye sou pwogram règleman devlopman ekonomik ak fiskal New York. Mesye.e Kennedy resevwa yon diplòm metriz nan Administrasyon Piblik nan Kolèj Nelson A. Rockefeller Afè Piblik ak Politik ak yon diplòm bakaloreya nan Kolèj Syans Politik Siena.

Mesye. Kennedy te deklare, “Mwen onore paske mwen te nome pa Gouvènè a pou m patisipe nan Apwobasyon Komisyon Konsèy la, sa ki pral yon enstriman nan enplemantasyon pwogram inovè sa a

Haitian Creole

Map rete tann pou m travay avèk kolèg mwen yo nan konsèy la ak ede pou avanse ajanda devlopman ekonomik Eta New York pou kreye djòb ak devlope ekonomi an.”

Laura L. Anglin, Prezidan Komisyon pou Kolèj ak Inivèsite Endepandan, yon asosyasyon ki nan eta pou plis pase 100 kanpis prive non-komèsyal, Kolèj ak Inivèsite Eta New York, te deklare, “Mwen kontan pou m wè ke Gouvènè a te nome konsèy revizyon an pou pwogram START-UP NY. Nan apwiye sou atou inik kolèj ak inivèsite prive ak non-pwofi New York, nap rete tann pou nou travay avèk Gouvènè a pou kreye nouvo patenarya piblik-prive ki pral pote yon ogmantasyon nan envestisman, inovasyon ak rechèch nan Eta New York.”

START-UP NY ap chèche akselere lespri antreprenè ak kreyasyon djòb nan tout eta a sou yon gwo baz, ak yon konsantrasyon espesyal sou rejyon nò New York. Sistèm kanpis Inivèsite Eta New York la, (SUNY) avèk inivèsite prive ak lòt kominote kolèj yo, pral sèvi kòm yon estrikti pou pwogram START-UP NY pou atire teknik avanse ak lòt demaraj, kapital pou antrepriz, nouvo biznis ak envestisman k ap sòti tout kote nan lemonn. Nan kad pwogram lan, biznis gen opòtinite pou yo fonksyone nèt san taks pandan 10 lane sou kanpis ak espas kalifye. Biznis pral asosye ak enstitisyon etid siperyè yo nan sistèm SUNY an ak tou lòt inivèsite epi pral kapab jwenn espè nan sektè a ak laboratwa rechèch avanse.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418